

Fèy Enfòmasyon sou Planifikasyon Ijans pou Paran ou Responsab avèk Eitati Imigrasyon Ensèten



Paran ou responsab ka **planifye alavans** lè yo prepare **dokiman legal itil alavans** pou asire pitit yo **pwoteje e nan swen nan sityasyon ijans** tankou yon arestasyon oswa yo nan prizon.

01 Deklarasyon Otorizasyon Gadyen.

- Li kapab itil pou w asiye yon lòt adilt yon fason fòmèl antanke yon **gadyen** pou pran swen pitit yo si yon paran vin pa disponib akòz yon ijans.
- Yon gadyen gendwa pran **desizyon medikal ak edikatif** pou timoun nan, men li pa ka pran lòt desizyon legal, e paran yo **pa pèdi okenn nan dwa gad oswa parantal yo**.
- Pou chwazi yon gadyen, paran an dwe:
 - a. Ranpli yon Deklarasyon Otorizasyon pou Gadyen.
 - b. Siyen l devan temwen ak yon notè (an jeneral disponib nan bank yo). Temwen, gadyen, ak notè yo dwe siyen fòmilè a tou.
 - c. Bay yon kopi deklarasyon ki ranpli, ansanm avèk enfòmasyon kontak gadyen an, pou lekòl, doktè, dantis timoun nan ak lòt founisè sèvis.
 - d. Kenbe yon kopi Deklarasyon an men bay gadyen an orijinal la.
- Yon Deklarasyon Otorizasyon pou Gadyen **valid pou dezan**, oswa jiskaske paran an anile oswa fini pouvwa gadyen an pou l pran desizyon pou pitit li yo.

Paran yo gendwa vle bay kopi lòt dokiman pou gadyen ak enfòmasyon kontak fanmi, zanmi, lòt manm lekòl yo fè konfyans ki gendwa okouran de arestasyon oswa detansyon.

02 Ajan Tanporè.

- Nan lòt sikonstans, paran yo gendwa vle chwazi yon **Ajan Tanporè**.
- Yon ajan tanporè kapab aji antanke paran an **nan prèske tout mwayer** (ajan an pa ka bay konsantman pou adopsyon timoun nan).
- Paran yo kapab **presize restriksyon sou otorite ajan an**.
- Asiyasyon an **dire pou sèlman 60 jou**.
- Pou asiye yon ajan tanporè, pwosesis la apeprè menm ak otorizasyon gadyen yo dekri pi wo a. Sepandan, si dezyèm paran an dispoze e kapab bay swen pou timoun nan, e yo konnen kote yo ye, y ap bezwen konsantman yo tou pou asiyasyon an.

Si pitit ou te fèt Ozetazini, Asire w yo gen yon paspò. Vizite www.travel.state.gov pou plis enfòmasyon sou jwenn yon paspò Ameriken.

03 Responsab.

- Yon lòt bò paran yo gendwa vle chwazi yon **Responsab** pou pitit yo. Yon Responsab asime wòl paran an e sèlman yon jij ki kapab apwouve l oswa mete fen ladan.
- Apre chwa a, paran yo p ap kapab pran desizyon ankò pou pitit yo amwenske e jiskaske responsab la mete fen ladan.

Ou gendwa konsidere chwazi yon Responsab, olye de yon Ajan Tanporè oswa Gadyen, si w panse ou gendwa absan pandan yon tan pwolonje oswa ou planifye pou w ale nan yon lòt eta oswa peyi. Dwa gad kapab dire jisakske timoun nan gen 18 an.

- Pou etabli konsantman a yon dwa responsab, paran yo dwe:
 - a. Ranpli yon Renonsyasyon Kay Notè ak Konsantman pou Mande pou Dwa Antanke Responsab, alavans;
 - b. Siyen l devan yon notè; e
 - c. Bay li a moun ki pral jwe wòl Responsab la.
- Si ak lè dwa responsab la nesesè, Responsab la dwe ranpli Fòmilè Demann pou Chwa Responsab yon Minè ansanm avèk Renonsyasyon Kay Notè ki ranpli ak Konsantman pou Demann Dwa Responsab avèk Tribinal Siksesyon ak Fanmi peyi kote timoun nan abite a.

- A nenpòt lè, si yon paran deside mete fen nan yon dwa antanke responsab, li dwe ranple yon Demann pou Retire yon Responsab nan Tribinal Siksesyon ak Fanmi peyi kote timoun nan abite a.
 - Yon paran gen dwa a yon avoka tribinal la chwazi lè l ap ranpli pou l mete fen nan dwa responsab pitit li.
 - Yon pwosesis dwa responsab dire omwen 8 mwa apati kòmansman jiskaske l fini. Li kapab dire plis tan si responsab la oswa timoun nan pa dakò mete fen nan dwa responsab la.

Chèche Plis Èd nan Biwo Pwokirè Jeneral la.

Aprann plis konsènan lòt resous ki disponib pou kominote imigran yo nan: <https://www.mass.gov/info-details/resources-for-immigrants-in-massachusetts>. Kontakte Divizyon Dwa Sivil yo nan (617) 963- 2917.